



Pou Piblikasyon Imedya: 24/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE HUNTINGTON STATION KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA NAN LONG ISLAND NAN KAD SIZYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA

Investisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati enpòtan nan estrateji global devlopman ekonomik ak kwasans kominotè Eta a

Eta a pral travay avèk rezidan, lidè kominote ak responsab piblik yo pou revitalize anba lavil Huntington Station

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Huntington Station pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan Long Island nan kad sizyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Nan sizyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik eta a yo ap resevwa 10 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estime ekonomi yo nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Kominote Huntington Station lan merite yon anba lavil ki an sekirite, adapte pou pyeton ak aksesib kote rezidan yo ka pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman estratejik sa a pral revitalize kominote a, epi mwen pa ka tann pou nou kòmanse travay la pou transfòme Huntington Station pou tounen yon destinasyon obligatwa pou touris ak vizitè lokal yo".

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la sèvi kòm yon eleman nan politik devlopman ekonomik Eta a nan transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominote yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè yon pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil li a epi edantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme epi eksplwate plis investisman prive ak piblik. Depatman Eta a ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominote a.

Huntington Station

Zòn DRI Huntington Station lan konsantre sou katye Huntington Station ki adapte pou pyeton anba lavil Huntington Station ki alantou Estasyon LIRR la epi kontinye nan sid sou koridò New York Avenue. Avèk pwojè East Side Access (Askè nan Blòk Lès) ki annatant pou fini, zòn sa a ap kòmanse sibi revitalizasyon komèsyal ki pral finalman sèvi kòm yon gwo atraksyon komèsyal ak sosyal pou kominote a. Huntington Station ap chèche re-dinamize nwayo iben li a ak atire nouvo opòtinite pou konstwi sou anba lavil dinamik, divèsifye ak adapte pou pyeton li an. Vizyon Huntington Station se pou transfòme anba lavil la nan devlope sit enpòtan pou pwojè ki gen plizyè itilizasyon, antere ak/oswa deplase sèvis piblik yo ak fil anlè sou koridò New York Avenue, elaji wo debi, kreye yon pak santralize oswa espas rasanbleman piblik, mete an aplikasyon yon pwogram fasad biznis epi fè amelyorasyon nan peyizaj lari ak transpò.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) Long Island lan te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon kominote yo atravè rejyon an te soumèt, epi konsidere kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Huntington Station kòm rejyon ki nonmen:

- Anba lavil la konpak, avèk limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik yo te fè avan yo oswa katalize yo;
- Kwasans travay resan oswa iminan nan anba lavil la oswa toupre li ki atire travayè yo, soutni reyamenajman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti nan yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ;
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi
- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmasyon ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

Huntington Station te resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta a pou revitalize katye anba lavil li epi jenere nouvo opòtinite pou kwasans alontèm apre pwosesis planifikasyon lokal la. Huntington Station rejwenn kominote Westbury, Hicksville, Islip Santral, Baldwin, Amityville ak Riverhead ki te gayan Long Island nan senk premye faz DRI yo.

Huntington Station pral kòmanse pwosesis pou devlope yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavil li a ak jiska 300,000 dola nan fon planifikasyon ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Investisman Estratejik la ap egzamine atou ak

opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki aliyen ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou sizyèm faz DRI a pral fin konplete an 2023.

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap ede kominote yo nan tout kwen nan eta a reyalize vizyon yo pou anba lavil la ak relans ekonomik yo. Huntington Station deja kòmanse sibi devlopman komèsyal ki pral atire nouvo vizitè ak rezidan yo nan zòn nan, epi finansman yo bay atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pral asire avni li kòm yon premye destinasyon lokal ak rejyonal nan Long Island".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "DRI a demontre ke envesti estratejikman nan resous lokal yo ka mennen nan zòn anba lavil pwospè ak ekonomikman solid atravè Eta New York. Avèk sibvansyon 10 milyon dola sa a, Huntington Station pral revitalize atravè pwojè ki vize pou kreye yon sant katye ki pi konekte ak pi adapte pou pyeton yo ki sèvi kòm yon sant opòtinite pou rezidan yo, vizitè yo ak biznis yo".

Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island (Long Island Regional Economic Development Council, LIREDC) la ki se Linda Armyn, Direktè Estrateji ak Maketing Egzekitif nan Bethpage Federal Credit Union, ak Doktè John Nader, Prezidan Farmingdale State College te deklare, "Sant vil k ap pwospere yo se kle pou jenere opòtinite ekonomik. Prim DRI sa a rekonèt enpòtans distri ki adapte pou pyeton, ki oryante sou transpò piblik, espesyalman isit la nan Long Island, epi li demontre angajman Eta New York pou refòme sant vil yo ki atire moun pou viv, vizite ak fè biznis isit la".

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Prim 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil a bay katye Huntington Station pral soufle nouvo lavi nan yon kominote k ap grandi, ki adapte pou pyeton epi ki oryante sou transpò piblik. Nan travay ak lidè lokal yo pou konstwi sou pwogrè Pwojè East Side Access la te fè, eta a sèlman re-dinamize nwayo iben Huntington lan epi atire nouvo opòtinite ekonomik ak lojman nan kominote dinamik sa a. Sa a se yon lòt egzanp angajman Gouvènè Hochul pou elaji pwodiksyon lojman toupre sant transpò piblik New York yo".

Manm Asanble Steve Stern, te deklare, "Antanke Manm Asanble ki reprezante kominote Huntington Station, mwen te yon gwo defansè pou revitalizasyon katye anba lavil nou yo ke yo t ap tann depi lontan. Sibvansyon enpòtan 10 milyon dola pou Revitalizasyon Anba Lavil sa a pral ede transfòme kominote nou an pou tounen yon sant komès dinamik, ak yon plas piblik, nouvo fasad, pak pòch, sekirite pyeton amelyore ak pi enpòtan, opòtinite, pi bon kalite lavi ak sekirite piblik ranfòse. Mwen

remèsye Gouvènè Hochul ak Konsèy Devlopman Rejyonal Long Island pou finansman vital sa a ak sipò kontinyèl yo pou kominote Huntington Station nou an".

Sipèvizè Vil Huntington lan, Ed Smyth, te deklare, "Vil Huntington kontan anpil pou l resevwa prim DRI pou Huntington Station. 10,000,000 dola sa a pral ede kontinye efò vil la pou rajeni kominote sa a atravè pwojè enfrastrikti, devlope ak amelyore distri biznis la epi ankouraje nouvo endistri. Tout efò yo ap ankouraje kwasans ak travay. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Ajans Empire State Development ak Depatman Deta dèske yo rekonèt gwo potansyèl Huntington Station avèk prim estrawòdinè sa a. Mwen vle remèsye tou Anthony Alosio, Direktè Planifikasyon Vil la, pou previzyon li ak travay li sou pwojè sa a. Nou espere mete plan nou yo an mouvman pou amelyorasyon tout kominote a. Yon lòt fwa ankò, nou remèsye Gouvènè Hochul ak EDC pou demonstrasyon konfyans yo nan gouvènman lokal la. Nou p ap dese vwa yo oswa kontribiyab nou yo".

Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon Anba Lavil la

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive.

Nan senk premye ane pwogram nan, eta a te angaje 600 milyon dola pou investi nan 59 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo bay chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou anbalavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse epi maksimize investisman siplemantè prive ak piblik yo.

Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###